Yaw Yonnente Yàlla bi, yaayu Sahd de dafa faatu, ban sarax moo gën?, mu ne ko: "ndox", nee na: mu gas ab teen, daal di ne: lii ngir yaayu Sahd la

Jële nañu ci Sahiid ibn Hubaadata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yaw Yonnente Yàlla bi, yaayu Sahd de dafa faatu, ban sarax moo gën?, mu ne ko: "ndox", nee na: mu gas ab teen, daal di ne: lii ngir yaayu Sahd la.

[حسن بمجموع طرقه] [رواه أبو داود والنسائي وابن ماجه]

Yaayu Sahd ibn Hubaadata yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa faatu, mu laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ban xeetu sarax moo gën ngir mu saraxeel ko yaayam? Yonnente bi xamal ko ne mooy ndox, mu gas ab teen def ko sarax ngir yaayam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/65613